

Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ

2-нэ нап.



ЗэхъуэкIыныгъэхэр зи джэлэс

3-нэ нап.



Удэзыхьэхщ IэпщIэлъапщIэхэм я IэщIагъэр

4-нэ нап.



Къущхьэхъум дыхуокIуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№84 (24.990) • 2026 гъэм, бадзэуэгъуэм (июлым) и 14, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Республикэм и гъуэгухэр къепщытэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ щыгъуазэ зищIащ республикэм гъуэгухэр щызэгъэпэщыжыным хуэгъэзауэ щекIуэкI лэжьыгъэхэм ящыщ зыбжанэм.**

АБЫХЭМ я нэхъ инхэм ящыщщ «Кавказ» Р-217 къэрал гъуэгум и 494-нэ километрым деж хуэзэу Урыху псым телъ лъэмыжыр къызэрагъэщIэрэщIэжыр. Ар сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу зыхуей хуэгъэзэн щIадзакIэщ, абы и пIэкIэ пIалъэкIэ къагъэсэбэпыну гъуэгу ящIащ.

Гъуэгухэм якIэлъыплъ «Кавказ» управленэм и лэжьакIуэхэм лъэмыжым телъхэр къытрахыж, лъэмыжыщIэм и лъабжьэхэр щIым храгъэубыдэ. IэщIагъэлIхэр мыгувэу яужь ихьэнущ щIэгъэкъуэнычщIэхэр гъэувыным.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ абдеж автомобиль куэд зэрыщызэблэкIыр - зы жэщ-махуэм къриубыдэу ахэр мин 35-м щынэблагъэ щыIэщ. Абы къыхэкIыуи ар икъукIэ жьы хъуат икIи Iэмал имыIэу зэгъэпэщыжын хуейт.

Лъэмыжыр къагъэщIэрэщIэжа нэужь абы и бгъуагъыр метр 25-рэ хъунущ, и кIыхьагъыр метри 165,5-м щIигъунущ, иджыпсту зэрыщыт метри 163-м и пIэкIэ. Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, гъуэгур зэбгъурыту автомобилиплI техуэным хуэщIауэ щытынущ, абы нэмыщI лъэс зекIуапIэхэр и бгъуитIымкIи иIэнущ, ар къагъэнэхунущ, мылым щызыхъумэ Iэмалхэри абдеж къыщагъэсэбэпынущ. Гъуэгу зэблэкIыпIэхэри зэпыгъэщхьэхукIауэ щытынущ.



Къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэза нэужь къэрал гъуэгум и Iыхьэм автомобилу щызэблэкIри нэхъыбэ хъунущ икIи шынагъуэншагъэри къызэрагъэпэщынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и нэIэм щIэтщ республикэм и автомобиль гъуэгухэм я щытыкIэр, абыхэм щекIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэми набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ. Дыгъуасэ щыгъуазэ зыхуищIащ Аруан щIыналъэм щыукъуэдия гъуэгухэм я щытыкIэм.

Республикэм и пашэм МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым зэрыщитхымкIэ, Черная Речкэ - Благовещенкэ жылэхэр зэпызыщIэр мы зэманым зыхуей хуагъэзэж. Километр 12,7-рэ зи кIыхьагъ а автомобиль гъуэгур яухуауэ щытащ илъэс 22-рэ ипэкIэ. Абы лъандэрэ блэкIа зэманым гъуэгум зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэ щекIуэкIакъым. НобэкIэ къапщтэмэ, гъуэгум щыщу километри 8-м асфальт тралъхьакIэщ. А лэжьыгъэхэм щIыгъунущ лъэмыжитIымрэ псы зэрыкIуэ ухуэныгъэхэмрэ я зэгъэпэщыжыныгъэхэри. А лэжьыгъэхэр бжьыхьэм ирихьэлIэу зэфIэкIынущи, Аруан, Прохладнэ щIыналъэхэм хиубыдэ жылэхэм дэсхэр нэхъ тыншу зэлъэIэсынущ.

КъищынэмыщIауэ, КIуэкIуэ Казбек щыгъуазэ зыхуищIащ Нарткъалэ и уэрамхэу Ленинымрэ, ШэджыхьэщIэм, Ахъмэтым я цIэхэр зезыхьэхэм щекIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм. А гъуэгухэм ящыщу километри 2,4-рэ хуэдиз тэмэм ящIыжынущ. Ахъмэтым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет псэупIэ унэхэм я IухьэпIэхэри зэрагъэпэщыжынущ. А лэжьыгъэхэр псори фокIадэм зэфIахыну я мурадщ. ЩIыналъэм и пашэм къызэрыхигъэщамкIэ, а уэрамхэм тет социальнэ, щэнхабзэ, административнэ унэхэми нэхъ тыншу уекIуэлIэфынущ.

Псори зэхэту къапщтэмэ, мы илъэсым къриубыдэу ди республикэм зыхуей щыхуагъэзэжынущ автомобиль гъуэгуу километри 143-рэ зи кIыхьагъ. Гулъытэ нэхъыбэу зыхуащIыр районхэм, щIыпIэхэм щыIэ гъуэгухэращ.



# Москварэ Налшыкрэ я зэпыщIэныгъэр

**«Налшык и курорт щIыпIэм щыIэ «Антарес» сабий егъэджэныгъэ центрыр щIэблэм я щIэныгъэм, гъэсэныгъэм щыхагъахъуэ, апхуэдэуи зыщагъэпсэху IуэхущIапIэщ. Гъэ еджэгъуэм къриубыдэу абы щокIуэкI ныбжьыщIэхэр жыджэру зыхэт егъэджэныгъэ, къэхутэныгъэ проектхэр гъэзэщIэным епха лэжьыгъэ купщIафIэ. Иджыпсту, гъэмахуэ лъэхъэнэм, щолажьэ предмет зэмылIэужьыгъуэхэм дахьэх ныбжьыщIэхэм папщIэ къызэрагъэпэщ егъэджэныгъэхэр. Апхуэдэщ Москва дэт Физико-техникэ институтым (МФТИ) и IэщIагъэлIхэмрэ КъБР-м хыхьэ щIыналъэхэм ящыщ школакIуи 100-м щIигъумрэ иджыблагъэ зыхэта проект гъэщIэгъуэныр.**

ФИЗТЕХ школхэм я зыужьыныгъэмкIэ фондыр ящIыгъуу МФТИ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ зэращIылIа лъэныкъуиц зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща пэхуэщIэщ ди лъахэгъу ныбжьыщIэхэр зыхэтар. Къыхэдгъэщынщи, Москва дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакIуэхэр щIэныгъэ унэтIыныгъэ зыбжанэмкIэ илъэс хъурейм чэзууэрэ ядолажьэ ди республикэм щыпсэу школакIуэ зэчиифIэхэм. Иджырей проектым хэтащ физикэм, математикэм, химием, биологием дахьэх ныбжьыщIэхэр. Махуитхум къриубыдэу абыхэм лекцэ купщIафIэхэм къахуеджащ, семинар хьэлэмэтхэри драгъэкIуэкIащ МФТИ-м и егъэджакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ гупышхуэм.

Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, егъэджэныгъэхэр унэтIыныгъитIу зэщхьэщыгъэкIауэ екIуэкIащ: физико-математикэ гупрэ химико-биологие гупу. Абыхэм яхэтащ ди республикэм и курыт школхэм я 7 - 10-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэу 100-м щIигъу.

Лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэтащ. Министр Езауэ Анзор къызэрилъытэмкIэ, апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэхэм хуабжьу мыхьэнэшхуэ яIэщ зыхуеджэну унэтIыныгъэр зыубзыхуауэ абыкIэ щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэтыну зи мурад школакIуэ нэхъыжьхэм я дежкIэ. Пэжу, проектыр гъэщIэгъуэну икIи купщIафIэу къалъытэ абы хэта ныбжьыщIэхэми. Къапщтэмэ, «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием и 10-нэ классым щеджэ Жэмыхъуэ Линэ жеIэ зыхэта курсхэр хуабжьу гунэс зэрыщыхъуар, иджыри къэс зыщымыгъуэза щIэныгъэ куэд проектым къызэрыщищIами щогуфIыкI. «Москва къикIа егъэджакIуэхэм лэжьыгъэ хьэлэмэт къыддрагъэкIуэкIащ. Зэ еплъыгъуэкIэ къыпщыхъурт ахэр зытепсэлъыхьыр гурыIуэгъуей гуэру, атIэми иужькIэ дэри абыхэм я жыIэм дытехуэрти, жаIэ псори гуми щхьэми нэсу зэхэщIыкIыгъуэ хъурт. Мы проектым сызэрыхэтам сыщогуфIыкI. Абы къыщысщIахэр сэбэпышхуэ къысхуэхъунущ, еджапIэ нэхъыщхьэм сыщыщIэтIысхьэкIэ».

Пщащэ цIыкIум жиIэр диIыгъыу лэжьыгъэм кърита гупсэхугъуэм топсэлъыхь Кудаев Махъты. ЩIалэщIэм зэрыжиIэмкIэ, ар дэзыхьэх щIэныгъэ унэтIыныгъэм ехьэлIа щIэ куэд къыщищIащ проектым. КъинэмыщIауэ, абы гухэхъуэ къритащ егъэджэныгъэм хэту ныбжьэгъущIэ куэд иIэ зэрыхъуами.

Москва дэт Физико-техникэ институтым и егъэджакIуэхэми я псалъэм къыхагъэщащ ди республикэм ис щIалэгъуалэр акъылыфIэу, гупсысэ шэщIа ябгъэдэлъу, щIэныгъэфI ябгъэдэлъу зэрыщытыр зэрагуапэр. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, МФТИ-м и IэщIагъэлIхэмрэ КъБР-м ис ныбжьыщIэ зэчиифIэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр екIуэкIа лэжьыгъэмкIэ иухыркъым - ар проектым и зы Iыхьэу аращ. ПэхуэщIэм иджыри къыщыгъэлъэгъуащ онлайн-егъэджэныгъэхэр, гупжьейхэм щекIуэкIыну лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри. Апхуэдэуи щIыналъэм и егъэджакIуэхэм я щIэныгъэми хагъэхъуэнымкIэ курсхэр къызэгъэпэщынымкIэ программэ хэхахэри утыку ирихьэнущ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



# АмбулаторэщIэ яухуэ

**«ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» къэрал проектым хыхьэу Аруан районым и Чернэ Речкэ къуажэм амбулаторэщIэ щаухуэ. Лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр зригъэлъэгъуащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам.**

УХУЭНЫГЪЭР здэщытыну щIыпIэр яубзыхуащ - къуажэм и кум хуэзэу, курыт школым пэгъунэгъуу ящI. АмбулаторэщIэм и инагъыр метр зэбгъузэнатIэу 350-рэ хъунущ, абы хэтынущ IэщIагъэлIхэр щылэжьэну, сымаджэм и узыншагъэр къыщапщытэну, нэгъуэщI пэшхэр. Ар къызэгъэпэщауэ щытынущ иджырей медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ унэлъащIэхэмкIэ. IуэхущIапIэм зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щагъуэтынущ цIыху 2376-м.

Апхуэдэу амбулаторэм къепха щIыналъэр зэIузэпэщ ящIынущ, уэздыгъэхэр щыфIадзэнущ, щхъуантIагъэхэмкIэ ягъэдэхэнущ.

Мы зэманым ирихьэлIэу унэм и лъабжьэр зэрагъэтIылъынум хуагъэхьэзыращ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр 2027 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Тыншу икIи дахэу

**«ГъащIэм папщIэ инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хыхьэ «ТыншыпIэм хуэщIа къалэ къызэгъэпэщын» къэрал программэм ипкъ иткIэ, Бахъсэн районым хыхьэ ПсыкIэху къуажэм и цIыху зэхуэсыпIэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ.**

Бахъсэн район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм къегъэщIылIа, метр зэбгъузэнатIэу 800 хъу щIыналъэр къагъэщIэрэщIэжащ. Хуиту къыщыпкIухьын лъэс лъагъуэхэр ящIащ, тетIысхьэпIэхэр ягъэуващ, уэздыгъэхэр щыфIадзащ, кIэрыхубжьэрыхухэм папщIэ кумбыгъэхэр ягъэуващ. ПщIантIэм къыдыхьэ сабийхэри ягъэгушхуащ. Абыхэм къыхузэрагъэпэщащ джэгупIэ шынагъуэншэхэр.

Мы зэманым щIыпIэр щхъуантIагъэхэмкIэ ягъэдахэ: жыг лъахъшэ цIыкIухэр хасащ, мыгувэу удз гъагъэхэр ягъэтIысынущ.

Бахъсэн районым и жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIыным хуэунэтIа лэжьыгъэр жыджэру ирагъэкIуэкI. Къэрал программэхэм зэрыхэтым и фIыгъэкIэ щIыналъэхэм къыщоунэху къуажэхэм ущыпсэуныр тынш къыпщызыщI иджырей жылагъуэ щIыпIэ дахэхэр.



**ТХЬЭХУЩЫНЭ Лянэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### ЛъагапIэхэм хуопабгъэ



АДЫГЕЙ. **Куэшхьэблэ районым и Хуэдз къуажэм дэт курыт еджапIэ №11-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Гъашэ Маринэ щытекIуащ «Быть, а не казаться» урысейпсо зэпеуэм. Иджы абы къыпоплъэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэр. Ар Волгоград областым щекIуэкIынущ бадзэуэгъуэм и 16 - 19-хэм. Зэпеуэм хэтынухэр щызэхуэсынущ «Авангард» зыхъумэжыныгъэ-спорт лагерым.**

«ЗЭПЕУЭМ и кIэух Iыхьэ ныкъуэм нэса Гъашэм адэкIи къыпоплъэ гъэунэхуныгъэщIэхэр, программэхэр. Маринэ яхуэзэнущ къэралым и спикерхэу зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэм икIи ахэр я зэфIэкIхэмкIэ зэдэгуэшэнущ. Гуапэщ ди егъэджакIуэр зэпеуэм щытекIуэну, адэкIи ехъулIэныгъэщIэхэм хуэпэбгъэну!» - дыкъыщоджэ АР-м и Куэшхьэблэ районым и администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и тхыгъэм.

### «Пасэрей» ансамблыр токIуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым, Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэм, и «Пасэрей» лъэпкъ макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ и ансамблыр хэтащ «ЗэчиифIэхэм я махуэшхуэ» дунейпсо зэпеуэ-фестивалым. Ар мэкъуауэгъуэм и 30-м щыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 4 пщIондэ Абхъаз Республикэм щызэхэтащ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кърикIуахэмкIэ, «Пасэрей» ансамблым япэ увыпIэр къиихьащ. Студентхэм екIуу Къэрэшей-Шэрджэсым и щIыхьыр щаIэтащ лъэпкъхэм я утыкушхуэм, жюрир къыдахьэхащ я джэгукIэмрэ лъэпкъ макъамэ гъуазджэр кууэ зэрызыхащIэмкIэ. ИпэжыпIэкIэ ансамблым игъэдэхащ фестивалыр.

ЗэфIэкI зиIэ музыкантхэмрэ абыхэм я унафэщI Шакъ Белэрэ республикэм щыпсэухэр йохъуэхъу я текIуэныгъэмкIэ, иропагэ я студентхэм икIи гупым адэкIи творческэ лъагапIэхэмрэ дунейпсо дамыгъэхэмрэ зыIэрагъэхьэну щогугъ.



**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8 (8662) 40-89-70, 40-34-32.**

## ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

**«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.**

# ЗэхъуэкІыныгъэхэр зи джэлэс

• ЩІэныгъэ

**Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым стратегие мыхьэнэ зиІэ, «Университетым и зыужьыныгъэм институтхэм хуащІ хэлъхьэныгъэр» зи фІэщыгъэ махуищ зэхуэсыр иджыблагъэ зэфІэкІащ. Ар нэхъыбэу зыхуэгъэпсар еджапІэ нэхъыщхьэм и къудамэхэм я унафэщІхэмрэ абыхэм ягъэлажьэ гупхэмрэт. ЗэІущІэр зэрылэжьа программэр зэхилъхьащ «Сколково» щІэныгъэхутэ ІуэхущІапІэм егъэджэныгъэм зегъэужьынымкІэ и центрым. МахуищкІэ екІуэкІа стратегие зэхуэсым кърикІуащ КъБКъУ-р щІэныгъэ унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щадж хьэрычэтыщІэ ІуэхущІапІэм 2036 гъэ пщІондэ хуэшэным теухуа дэфтэрыр.**



ЗЭІУЩІЭР университетым дежкІэ Іуэху еплъыкІэхэр къыщыхалъхьэ икІи щызэрагъапщэ утыку къудейтэкъым. Ар университетым и зыужьыкІэ хъунум теухуауэ щыІэ бгъэдыхьэкІэхэм зэреплъ щІыкІэр щІэуфэ хэмыту къыщаІуатэ щІыпІэ хъуат. КъБКъУ-м цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ, экономикэмрэ финанс хуэІухуэщІэхэмкІэ и институтым и унафэщІ Мэшыкъуэ Еленэ зэрыжиІамкІэ, зэІущІэм хэтахэм яхузэфІэкІащ университетыр нобэкІэ зэрыт щытыкІэм фІагъырэ щыщІагъэу иІэхэр нахуэу жаІэн, абыхэм хэлъхьапхъэ зэхъуэкІыныгъэхэм ехьэлІауэ я гупсысэхэр ехьэкІ хэмыту къаІуэтэн.

Стратегие мыхьэнэ зиІэ щІэнІуатэр КъБКъУ-м и унафэщІхэм къыщыхалъхьэм, зыхущІэкъуар зы Іуэхущ: университетым и зыужьыныгъэм ехьэлІауэ щыІэ стратегие еплъыкІэхэмрэ абы хыхьэ институтхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным хуэгъэпсауэ щыІэ бгъэдыхьэкІэхэмрэ зэшэлІэнырщ, зым къищтэ унафэхэр адрейм зыхуигъэувыж къалэнхэм пэджэжу убзыхунырщ. Егъэджэныгъэм зегъэужьынымкІэ и центрым и унафэщІ Налбандян Гаянэ и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ иужьрей илъэситху-пщІым къриубыдэу щІэныгъэм унэтІыныгъэщІэ куэд къызэрыщызэІуахар, ахэр егъэджэныгъэм хэпщэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрекІуэкІар.

- Япэ лъэбакъуэр тчакІэщ. Иджы дызэгупсысын хуейр апхуэдиз щІэныгъэ къигъэхъуапІэр гъащІэм гъунэгъу хуэзыщІыфын, ар къэгъэнауэ хэзыпщэфын ди институтхэрщ. Абы и ІуэхукІэ унафэщІхэмрэ абыхэм я унафэм щІэт егъэджакІуэ гупхэмрэ къалэнышхуэ я пщэ къыдохуэ, – жиІащ Налбандян Гаянэ.

МахуищкІэ екІуэкІа зэІущІэм университетым и зыужьыныгъэр зытещІыхьын хуей Іуэхугъуэ зыбжанэ къыщащтащ:

**1. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм е къулыкъущІапІэ щхьэхуэхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэм къабгъэдэкІауэ щІыналъэхэм щІэгъэхуэбжьауэ ядэлэжьэныр.**

КъБКъУ-м къыхих зыужьыныгъэ гъуэгур зытеухуар щІыналъэхэмрэ щІыпІэхэмрэ ядэлэжьэнырщ, ахэр зыхуэныкъуэ ІэщІагъэхэр зэрырагъащІэ программэхэр зэхэлъхьэнырщ, иджырей технологиехэмрэ къэралпсо мыхьэнэ зиІэ пэхуэщІэхэмрэ а лэжьыгъэхэм къызэщІегъэубыдауэ щІыналъэм и экономикэм телэжьэнырщ.

Апхуэдэу КъБКъУ-м ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ, экономикэмрэ финанс хуэІухуэщІэхэмкІэ и институтым зэгурыІуэныгъэ ирищІылІащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, щІыналъэм экономикэ гъащІэм зыщезыгъэужь Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэдэгуэшэну, пэхуэщІэ щхьэхуэхэр зэдагъэзэщІэну. Мы Іуэхум жыджэру хэтынущ хабзэубзыху, гъэзэщІакІуэ, хьэкумыщІэ къудамэхэри.

Социально-гуманитар щІэныгъэхэмкІэ институтыр щІыпІэхэм унафэр щызезыхьэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэным нэхъ тегъэпсыхьащ, жылагъуэ гъащІэмрэ щэнхабзэмрэ къыщекІуэкІыр пэхуэщІэхэмрэ иджырей технологиемкІэ зэфІэхыным нэхъ теухуащ.

**2. ЩІэныгъэ унэтІыныгъэхэм я гъунапкъэхэр зэлъыІугъэкІуэтыныр, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я зэпылъыпІэм деж къэхутэныгъэхэр щегъэкІуэкІыныр.**

ЗэІущІэм къыщыхалъхьа Іуэхугъуэхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ иІащ еджапІэм щекІуэкІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я гъунапкъэхэр зэлъыІугъэкІуэтауэ, зэ еплъыгъуэкІэ зэбгъэдэмыхьэу къыпщыхъу щІэныгъэхэм я зэуэлІапІэхэр къыщІэгъэщыныр, абдеж щІэщыгъуэхэр къыщылъыхъуэныр. Институт унафэщІхэм зэрыжаІамкІэ, апхуэдэ гупсысэ куэд лъандэрэ къадэгъуэгурыкІуэрт, ауэ тезыгъэгушхуэнрэ я Іуэху еплъыкІэхэр къыщыхалъхьэн утыкурэ зэрамыІэм къыхэкІыу, ар яІэщІэужьыхэу къекІуэкІащ. Къалэным ипкъ иткІэ КъБКъУ-м цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ, экономикэмрэ финанс хуэІухуэщІэхэмкІэ и институтым, социально-гуманитар щІэныгъэхэмкІэ институтым, медицинэ академием, менеджментымрэ хьэщІагъым епха хуэІухуэщІэхэмкІэ институтым щІэныгъэхутэ Іуэхугъуэхэр зэгъусэу ирагъэкІуэкІыну зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ.

**3. Гуманитар щІэныгъэхэм ябгъэдэлъ экономикэ зэфІэкІыр къыхэщыныр.**

Стратегие мыхьэнэ зиІэ зэхуэсым къыщаІэта Іуэхугъуэхэм ящыщщ физикэ-есэп, естественнэ икІи социально-гуманитар щІэныгъэхэм я экономикэ къарум зыкъегъэІэтыныр гугъуехь нэхъ ин дыдэхэм зэращыщыр. Къэралымрэ щІыналъэхэмрэ ІуэхущІапІэм игъэзэщІэну къалэн щищІахэр къызыхуэтыншэу зэблэхыным и мызакъуэу, ар зыгъэзащІэхэм менеджментым, маркетингым, тхылъымпІэ гъэхьэзырыным хащІыкІыу щытын хуейщ. ХэкІыпІэ къагъуэтащ: КъБКъУ-м и центрхэмрэ кафедрэхэмрэ я лэжьакІуэхэм экономикэ зэхэщІыкІ зиІэхэр къыхашынурэ, я ІэщІагъэмрэ щІэныгъэмрэ хагъэхъуэнущ, абы иужькІэ ягъэзащІэ программэхэм хэплъэжынурэ грант зэпеуэхэм е тендерхэм къыщыхалъхьэ зэрыхъуну щІыкІэм хуагъэхьэзырынущ.

Абы къиищынэмыщІауэ, КъБКъУ-м зэрыщрагъаджэ программэхэм псоми хэплъэжынущ. Илъэси 10-15 хъуауэ зи программэ зымыхъуэжа программэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнущ, пэхуэщІэ технологиехэм нэхъ тегъэщІауэ, щІыналъэм и пащхьэ къиувэ къалэнхэм ящыщ гуэрхэр зэфІихыфыным хуэгъэпсауэ.

**4. Жылагъуэ пэхуэщІэхэм я мыхьэнэр нэхъ ин щІыныр.**

Иужьрей илъэсхэм КъБКъУ-м хъарзынэу зритауэ егъэзащІэ «ЦІыхум щІэгъэкъуэн хуэхъунымкІэ еджэныгъэхэр» зыфІища къэралпсо пэхуэщІэр. Медицинэм хуеджэхэм къыщыщІэдзауэ филологхэм деж щыщІэкІыжу а къэрал жэрдэмым щхьэкІэ пэхуэщІэ щхьэхуэхэр зэхэзымылъхьэ унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ ІэщІагъэ зэзыгъэгъуэтхэм яхэтыжкъым. Сыт мы Іуэхум нэхъыщхьэу хэлъыр? ХуэмыщІахэм ядэІэпыкъуным, лъэпкъ щІэныгъэм зегъэужьыным, щІыналъэ археологием зыкъегъэІэтыным хуэунэтІа пэхуэщІэхэр иджыпсту КъБКъУ-м нэхъапэ ирегъэщ. Абы щІыпІэхэр зыхуэныкъуэ ІэщІагъэхэм зрегъэужь, а ІэнатІэм зиужьыным хущІэкъу цІыхухэр, гупхэр, зэгухьэныгъэхэр кърешалІэ.

**5. ЗэхъуэкІыныгъэхэр къыщежьэр убзыхунымрэ щІыналъэр зыхуэныкъуэ ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырынымрэ телэжьэныр.**

Стратегие зэхуэсым къыщыхагъэщащ КъБКъУ-м и центрхэмрэ институтхэмрэ щылажьэ гупхэр псори зэхъуэкІыныгъэхэм я пашэ зэрымыхъунур – ар менеджментым и хабзэщ. Абы къыхэкІыу дэтхэнэ зы къудамэми езым и «малъхъэдис гупжьейхэр» къыщызэгъэпэщын хуейщ, абы адрейхэр къекІуалІэу, чэнджэщ къигъэхъуапІэу, Іуэхуублэу щытын папщІэ. Абы къыдэкІуэу центрхэмрэ институтхэмрэ къалэн яІэщ апхуэдэ «малъхъэдис гупжьейхэр» нэхъыбэ ящІыну, екІуэкІ лэжьыгъэм ІэщІагъэлІ нэхъыбэ хашэну.

ЩІалэгъуалэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэр зы меданкІи ужьых хъунукъым. Зэчий зыбгъэдэлъхэр магистратурэмрэ аспирантурэмрэ щІэтІысхьэну трагъэгушхуэнущ, иужькІэ я къэхутэныгъэхэр къызыхэщ диссертацэхэр пхагъэкІынымкІэ щІэгъэкъуэн хъунущ, я тхыгъэхэр къэралым щІэныгъэ мыхьэнэ зрит журналхэм къытехуэнымкІэ ядэІэпыкъунущ – а псор зэфІэкІа нэужь, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэу кафедрэхэм къраджэжынущ. Абы егъэджакІуэхэм зэпымычу къаруущІэ къахигъэхъуэнущ, кадрхэри къигъэщІэрэщІэж зэпыту екІуэкІынущ.

**6. ЗыужьыпІэхэмрэ зыужьыныгъэмрэ.**

МахуищкІэ екІуэкІа стратегие зэхуэсым и мыхьэнэм и гугъу ищІкІэрэ, КъБКъУ-м щэнгъасэмкІэ, психологиемрэ спорт щэнхабзэмкІэ и институтым и унафэщІ Михайленкэ Ольгэ къыхигъэщащ «Сколково» щІэныгъэхутэ ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэхэм иджыри къыздэсым гу зылъамыта щІэщыгъуэ куэдым зэрыщагъэгъуэзар, арыххэми, зэрыкІуэ гъуэгур нэхъ псынщІэу къызэранэкІын папщІэ, абыхэм чэнджэщ щхьэпэ Іэджэ къызэрыпахам.

– Сыт хуэдэ Іуэхури зэфІэха хъун папщІэ, лъэпощхьэпо гуэрхэр къызэнэкІын, абыхэм къытрамыгъэзэжын хуэдэу, Іэмал гуэрхэр зэхэлъхьэн хуейуэ ди пащхьэ къоувэ. Дэ къыдгурыІуауэ къысщохъу дызыІууэ лъэпощхьэпохэм нэхъ мащІэу дрипсалъэрэ ахэр къызэрыдмыгъэхъужын хэкІыпІэхэр къэтлъыхъуэн, дазэрыпэщІэтын Іэщэ зэдгъэпэщын зэрыхуейр. Иджырей дунейр зэрыщыту экономикэм къигъэув щІэныгъэм тещІыхьа хъуащи, абы, шэч хэмылъыжу, щІэныгъэхэр зэгъунэгъу ещІ, я зэпылъыпІэхэм щІэ куэд къызэрыдэпхыфынум ухуигъэушу. 2036 гъэ пщІондэ КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэм тщІэни длэжьыни диІэщ, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ къадэкІуэу, хьэрычэт щІэным епха Іуэхугъуэ псори къэдгъэІурыщІэн хуэдэу. Ауэ щыхъукІи, ди университетым хэлъ академие фащэри тхъумэжу.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**




# Насыпыр хъунщ уи гъусэу жьы

## Ацкъан Руслан и усэщІэхэр

* * *

ГъащІэм сомыгъэгупсыс,
ар зищІысыр сымыщІэм нэхъыфІщ.
Зым упоплъэри – къакІуэр нэгъуэщІщ,
уи псэм къыпэджэр зырызщ.
ГъащІэм сомыгъэгупсыс.

ГъащІэм сегъэгупсыс,
ар зищІысыр сымыщІэм – сыхэт?
Махуэ нэхъ мыхъуми лейуэ къызэт,
ар къысщыхъунущ ІэфІыпс.
ГъащІэм сегъэгупсыс.

* * *

ГъэщІэгъуэнщ мы псыпыхум и хьэлыр,
къысфІегъэщІ сэр фІэкІа Іуэху имыІэу.
КъысхуокІуатэ, си пащхьэм щогъуэлъыр,
йокІуэтыж, сызыпэплъэр жимыІэу.

Сыту сфІэфІ дамэу ар зэрыщхъыщхъыр,
щылъэтэнум щІэхъуэпсу къысфІощІыр.
СощІэ лъатэ псыпыхур щІэмыхъур,
сэ езыр сыапхуэдэщи, сощІэ.

Щылъэтэнум нэса и гугъэжу
нэпкъыу дапщэ си гъащІэр зэуалІэр.
КъоувыІэж, йокІуэтыж, зиущэхужу,
къэмысауэ къыщІокІри и пІалъэр.

ГъэщІэгъуэнщ мы псыпыхур, соплъыжри,
етхьэщІ мывэхэр – сытуи емышрэ.
ЕгъэзащІэ, аращи къылъысыр.
Ар и мывэ къэсыху тохъуэхъушэ.

СыхэплъэхукІэ псыпыхум – согуфІэ.
Слъагъуркъэ ар зэрынасыпыфІэр.



* * *

Гъатхэр къызэрыкІуэр зыхэсщІащ,
хуэзэша си лъахэм къэмыс щІыкІэ.
Сэ абы сыхуэхьэзыркъым зэкІэ,
ауэ щыхъукІи зыкъезмыгъэщІэн.

Гъатхэм упежьэныр мыІуэху цІыкІу,
ар къыщысщІэжар иужьрей махуэрщ.
Илъэтыну си гугъа щІымахуэр
зы бзу хужьу. Ари пыкІкъым сигу.

Сэ щІымахуэ нэхур зым пэзмыщІ,
зыми пэзмыщІыххэр гъатхэракъэ.
СощІэ, сыдэхъунущ гъатхэ къакІуэм,
абы дэрэ ди гурыщІэр зыщ.

КІуащ щІымахуэр, гъатхэр зыхэсщІащ,
яку а тІум сыдэтщ, сыпІейтей защІэу.
Сыту куэд сэ хэзгъэщІа си гъащІэм,
ауэ гъатхэр япэу слъагъу къысфІощІ.

«ГъащІэр бужэгъуху тхьэм уигъэпсэу!» –
нобэ цІыхуфІ гуэр къысхуэупсащ.
Ар си гугъэщ зэи къэмыхъуну,
гъащІэр дауэ зэрыбужэгъунур...

* * *

МэхъуэпскІри уафэр, щыблэ мауэ,
щІэщтэжа пшэхэм заущэху.
КъокІуэкІыр цІыхухэм гу лъатауэ:
уам щыблэ – уэфІ хъужынущ щІэх.

Изэгъэжыну си гур и пІэ
щІэх дыдэ хъунукъым си фІэщ.
Къизмыдзэт щыблэр сэ нэхъапэм,
иджы гурыщхъуэ, мис, сегъэщІ.

А къеухар ныжэбэ щыблэ
е щыблэм ещхь нэгъуэщІ зыгуэр?
Хэт зыщІэр цІыхухэм я гум илъыр,
яхэтщ гущІэгъу зимыІэ куэд.

Хэку гуэрхэр зауэм ирекъухьыр,
дунейр къысфІощІыр игъэсыс.
«Щхьэгъубжэм, – къатх, – фыбгъэдэмыхьэ!»
уэ абы къикІым егупсыс...

* * *

Гухэлъ щымыІэм, къанэр сыт,
сыт абы и пІэ иувэнур?
Къэмысу щІылъэм уэс къесынщ,
мо псыежэхыр къэувыІэнущ.

Арыххэу уэгум ижыхьынщ
къуршыбгъэр, дамэр ишэщІауэ.
Шыхулъагъуэр уафэм хыхьэжынщ,
дэ и щэху Іэджи къэдмыщІауэ.

Сапежьэ пэтрэ – блэкІынщ
сэ фІыуэ слъагъухэр, къемыплъэкІыу.
СыщедэхащІэкІэ – ІукІынщ
си хьэр, дикъуэзу бэкъум и кІэр.
КъыщыІужынкъым сабий макъ
уэгу щІагъым гугъэр зэблигъэкІыу.
Ар къэмыхъуну си фІэщ мэхъу,
атІэ сыт си гум къыщІэзгъэкІыр?

Гупсысэ куэд зэзгъэзэхуэнщ,
си пІейтеигъэр къыхэпшахъуэу.
Гухэлъым Іуэхур щыхуэкІуам,
зы гукъэкІ нэпцІри шынагъуэщ...

* * *

Слъэгъуа пщІыхьэпІэр щІэтщ си нэгу,
семыжьэжыф, зыщызгъэгъупщэу.
Сыт щыгъуи пщІыхьхэм сахуэдэгут,
къысщыщІыжар иджы сымыщІэ.

Мырат пщІыхьэпІэр: псы къиуам,
сыхэджэлауэ, сырихьэхырт.
И макъ мывитІ зэжьэхэуам,
дэуейуэ си щхьэм, сэ зэхэсхырт.

СыриудэкІт, ситхьэлэрт сэ,
арщхьэкІэ шынэ зыхэзмыщІэт.
Дунейр икъутэу ежэх псым
сэ дзыхь щІыхуэсщІыри сымыщІэт...

Абы къикІынкІэ хъунур сыт,
сыт а пщІыхьэпІэм сызыхуишэр?
Сэ дэнэт сыздихьынур псым,
семыжьэжатэм сыкъэушрэ?

И Іуфэм деж сыщотІысэх
пщІыхьэпІэм къыщиуа псы цІыкІум.

Ар, укІытэжу, йокІуэсэх,
и хьэуа къабзэр къокІуэ си Іум.

СоупщІ: «Бэлыхь щхьэ сыхэбдза,
сэ фІыуэ слъагъу си псы гумащІэ?»
«НытІэ уэ щхьэ сыхыфІэбдза?» –
жэуап къызет абы, Іущащэу...

* * *

Сыту куэдрэ сыпэплъат акъужьым,
мес, иджы ди хадэм къилъэтащ.
Игу фІы зэрыхуищІу кхъужьеижьым,
гу акъужьым сэри къыслъитэнщ.

Сыдишэнщи псыхъуэм – и джэгупІэм,
гуныкъуэгъуэу хъуар сщигъэгъупщэнщ.
Зым и фІэщ пхуэщІынукъым ар жыпІэм
щхьэхуэу куэдрэ къызэІущэщэнщ.

Ар нэху щыху сщІыгъуну си гугъат сэ,
ауэ, зиущэхунщи, лъэтэжынщ.
Си гум си нэгу щІэкІым зыдигъазэу
сэ иджыри псыхъуэм сыдэтынщ.

Удз лыгъуам и щІыфэр зэрыбжьыбжьыр
зыхэсщІэнщи, си бгъэр икъузынщ.
Псыежэхыр кІэлъыжэнщ акъужьым.
Сыкъэнэнщ, сылъыхъуэу здэзгъэзэн...

* * *

Мис аргуэру сщІэркъым ныбжэсІэнур,
ныбжесІахэм сыт схухэлъхьэжын.
СщІатэм нобэ си гур здэщыІэнур,
гугъэ зэростынури сщІэжынт.

Уафэ къащхъуэр къоплъэри си нэгум,
Ирилъагъуэу хъуар къысщебзыщІыж.
Къопщэ акъужь щабэ, мис а тІэкІум
сызищІысыр сэ къызегъэщІэж.

Си псэукІэр уэрщ нэхъыфІу зыщІэр,
абы хэлъ сфІэмыщІ узэхъуэпсэн.
Сыт и махуэ зэІухам зи гущІэр,
пщІыгъуу ар тыншыгъуэ ухуэзэн.

Къыстебгъэкlуэдащ уи гъащІэ закъуэр,
абы щхьэкІэ си гур куэдрэ хощІ.
КъыбжаІати «КъыпэкІухь усакІуэм»,
«Арщ уи натІэм итыр», – зэхэпхащ...



* * *

Щэхуу сырокІуэ уэрамым,
жэщыр мыбауэу къысщохъу.
КІыфІыр зыфІэфІыр сэракъым,
нэхури щынукъым щІэх.

Сиплъа блэкІ гуэрым и нэгум
е къысфІэщІауэ ара?
Зыми имыщІэ сыздэкІуэр,
ар зымыщІэххэр сэращ.

НэщІ хъуа уэрамыр мэзэшыр,
сэ дауэ сыкъэнэжын.
Сыт-тІэ щІэзмыгъэзэжыр,
сиІэкъэ сыздэкІуэжын?

Іэджэми сыщымыгъуазэ,
арщхьэкІэ зыхещІэ псэм:
Мо унэ зэтетхэм язым
сыкъызыгурыІуэ щопсэу.

* * *

Махуэр хуэму кІуэуэ сэ къысщохъу,
и теуэгъуэ къэскІэ согъэпІащІэ.
ИзгъэкІыну жэщым соныкъуэкъу,
къысфІэщІарэ пэткІэ ар гумащІэу.

Слъагъур сыт? Си ныбжьыр хэкІуэтащ,
сытекІакъым сызытета лъагъуэм.
ГъащІэ закъуэр зытезгъэкІуэдар
сыт пІащІэгъуэ, сыт тепыІэншагъэ?

Жыжьэм сынэсын си гугъэу щІэх,
къысхуэкІуар щызмылъэгъуа къэхъуащ сэ.
ГъащІэр къокІуэтыжыр бгъэпІэщІэху,
сэ абы фІы дыдэу сыщыгъуазэщ...

* * *

Зы тхьэмпэ закъуэ къыпынащ
щІы цІынэм хэплъэ кхъужьеижьым.
Слъагъуху а тхьэмпэр си гур хощІ,
абы фІэсщынури сымыщІэ.

Жыг тхьэмпэ закъуэм сепсэлъэнщ,
си фІэщ мыхъун сызэхимыхыу.
ПІейтейуэ, месыр, къызэплъащ,
къыщІокІ гулъытэ игу темыхуэу.

ЖиІэнщ: «Сыхуейкъым уи гущІэгъу,
сэ къыспэщылъым сыщымыщтэ.
Уи Іуэхур уэ нэгъуэщІ къысщохъу,
щІэныкъуэм уигу хэмылъ сымыщІэ.

Узыгъэдзыхэри бжесІэнщ:
уошынэ схуэдэу укъэнэнкІэ,
ар плъагъу нэхъ улІэм нэхъ къэпщтэнщ».
Абы нэхъ пэж хэт къызжиІэну...



* * *

Сэ иджы сыщІыхьэжкъым мэз кІыфІ,
сыдэкІыну сыхэткъым бгы задэ,
ауэ псым, къимыуамэ, сокІыф.
Сыпсэунщ, схузэфІэкІыр зэзгъадэу.

Сэ иджы си фІэщ хъужыркъым бзу
щІыпІэ жыжьэ зэгуэри лъэтэжу.
ЙокІуэсэх къызэплъэкІыурэ псыр,
къыщигъэшкІэ къысфІощІ къигъэзэжу.

Иджы гугъэр къэкІуэнкІэри мэхъу
гукъыдэжыр щІымыгъуу, и закъуэу.
Нобэ сытри си гъащІэм къыщохъу,
япэ къищу е къакІуэу кІасэІуэу...

* * *

КъэсщІэну зэуэ сыхуэмей
мы гъащІэм щэхуу зэблигъэкІыр.
Зым къысфІегъэщІ дунейр сысей,
адрейм сылейуэ къыщІегъэкІыр.
Щэху псоми къахызох зы щэху,
щыреІэ ар зи фІэщ мыхъуни.
СощІэ: насыпыр къамыхьэху
ар къыбдалъхуамэ – къыбдэхъунущ.
Абы уи гъащІэр нэху ищІынщ –
ар уэ уи фІыщІэу плъытэжынущ.
Насыпыр хъунщ уи гъусэу жьы,
арщхьэкІэ пщІыгъуу мылІэжыну...



* * *

Къэблагъэ жьыгъэм сыпежьат,
си лъынтхуэ къэс ирикІуэу щІыІэр.
Шынагъуэу ар къысфІэмыщІа,
къыщІокІыр, уеблэмэ щабэІуэу.

А гущІэгъуншэу си гугъар
и гумащІагъкІэ хэти токІуэ.
Мэдзыхэ, гуауэ илъэгъуам,
абы псом япэ нэпс къыфІокІуэ.

ЩІэх дыдэу жьыгъэм сесэжащ,
дызэгуроІуэ абы дэрэ.
Зэгъусэу гъэхэм дапежьэнщ –
езыхэр къытхуеину пІэрэ?

Ар зыщІэм хъунукъым уеупщІ,
уелъэІуу фІэкІ къыпхуимыдэну.
ЛъэІуэнкІэ сэ сымыерыщ,
къысфІощІ абы сытекІуэдэну.

Аргуэру зы илъэс икІащ,
къихьа къудейри, мис, мэпІащІэ.
КъэсщІами хъунут мис иджы
сиІарэ симыІарэ гъащІэ...



*Зыгъэхьэзырар* **ТЕКІУЖЬ Заретэщ.**

# Удэзыхьэхщ IэпщIэлъапщIэхэм я IэщIагъэр



**ЦIыхубэ художественнэ IэщIагъэхэмкIэ республикэ центрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур иджыблагъэ ягъэлъэпIащ. Ар ирихьэлIащ ЦIыхубэ IэщIагъэхэм я урысейпсо махуэм. ГуфIэгъуэр дагуэшащ цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэм я IэщIагъэ дахэр зылъытэу республикэм исхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ.**

МАХУЭШХУЭМ зыкърезыгъэхьэлIахэм фIыуэ зыхащIэрт щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр сыт щыгъуи зэрылъапIэр. Зэхыхьэр къызэзыгъэпэщахэм къыхагъэщащ Урысейм ис лъэпкъхэм я IэпщIэлъапщIэхэм еш ямыIэу я щэнхабзэр лIэщIыгъуэкIэрэ зэрызэхуэхьэсар, хуэсакъыу яхъумэу нобэм къызэрахьэсар. Абы и фIыгъэщ щэнхабзэм и щапхъэ нэхъыфIхэм нобэ дыкIэлъыплъыну Iэмал зэрыдиIэр. Абы и лъэныкъуэкIэ, ЦIыхубэ художественнэ IэщIагъэхэмкIэ республикэ центрым, IэпэIэсэхэм лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ. Центрым и IэпщIэлъапщIэхэм я Iэзагъэмрэ ябгъэдэлъ щIэныгъэмрэ щIэблэр хагъэгъуазэ, жыджэру балигъхэми сабийхэми ядолажьэ.

IэпщIэлъапщIагъэм и мыхьэнэмрэ IэпэIэсэхэм я зэфIэкIымрэ усэншэщ. Центрым и ехъулIэныгъэхэм ящыщщ республикэм зэфIэкI зиIэ и IэпщIэлъапщIэ 300-м щIигъу къызэрыщIигъэкIар. Абыхэм яхэтщ зи IэщIагъэм хуэIэижь хъуа, «Урысей Федерацэм и цIыхубэ IэпщIэлъапщIэ» щIыхьыцIэр зыхуагъэфэщауэ 11. Ар и щыхьэтщ цIыхубэ художественнэ IэщIагъэм республикэм зэрызыщрагъэужьамрэ абыхэм я пщIэр къэралым къызэрыщалъытамрэ.

Центрым и махуэ игъэлъапIэм ирихьэлIэу абы и пщIантIэм щрагъэкIуэкIащ IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкIхэр щагъэлъагъуэ жармыкIэ. Пхъэм, гъущIым, гъуаплъэм, мывэм, щэкIым, фарфорым, ятIэ гъэжьам къыхэщIыкIа хьэпшыпхэм, бийм зэрыпэщIэт Iэщэхэм, сэхэм, къамэхэмрэ сампIэхэмрэ, макъамэ Iэмэпсымэхэм, иджырей зэманым къигъэзэгъауэ яда пасэрей лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэмкIэ яхуэпа гуащэхэм, лъэпкъ тхыпхъэхэмкIэ гъэдэха цIыхубз, цIыхухъу фэилъхьэгъуэхэм, дыщэ, дыжьын IуданэхэмкIэ хэдыкIа, уагъэхэмкIэ гъэщIэрэщIэжа фащэхэмрэ пыIэхэмрэ, бзылъхугъэхэм зэрахьэ цIуугъэнэхэм, хьэпIацIэщыгъэкIэ бла чысэхэм, къэлътмакъхэм, бохъшэхэм, тхыпхъэ зыхэт арджэнхэм, нэгъуэщIхэми я дахагъэм уатхьэкъурт, узыIэпашэрт. ГъэщIэгъуэн пщымыхъуу къанэртэкъым абы щагъэлъагъуэ дэтхэнэ зы хьэпшыпми хъыбар гъэщIэгъуэн къызэрыдекIуэкIыр. ЖармыкIэм гъунэгъу республикэхэм я IэпщIэлъапщIэхэм я лэжьыгъэхэри зэрыщагъэлъэгъуам ар нэхъри игъэбеящ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэхт IэпщIэлъапщIэ цIэрыIуэхэу Дагировэ Маринеттэ, Тхьэгъэлэдж Агнессэ, Мамбэт Анетэ, Бекъан Еленэ сымэ, нэгъуэщIхэми я IэрыкI телъыджэхэр.

ЦIыхубэ гъуазджэм зэрызиужьым, щIэблэр абы зэрыдихьэхым, IэрыкIхэм щIэупщIэ зэраIэм и щапхъэщ мы зэхыхьэр. Мы лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ ягъуэт лъэпкъым къыдекIуэкI IэщIагъэ дахэр - пасэрей дыщэидэр, хэдыкIыр – хъумэным, щIэблэр абы дегъэхьэхыным теухуауэ.

Уеплъыну гухэхъуэт дыщэидэмрэ хэдыкIымрэ хуэIэпщIэлъапщIэхэм хухаха плIанэпэхэм. ЗэрытщIэщи, адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ лъэпкъ гъуазджэм и щэхухэм щыгъуазэу, хуэIэпщIэлъапщIэу. Дыщэидэр адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм зэращыщым и щапхъэщ и мыхьэнэм хэмыщIауэ, нобэр къыздэсым цIыхухэр а IэщIагъэм зэрыдихьэхыр, ар зэрафIэщIэщыгъуэр. Гъуазджэ нэсыр зэрыуахъътыншэм ар иджыри зэ щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэщ. ЖыпIэнуракъэ, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ апхуэдизу хэпщIа хъуа дыщэидэр тхыдэм и къэхъугъэхэр къызэрыщ гъуджэшхуэщ.

КъБР-м и Парламентым лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Безгодькэ Владимир жиIащ лъэпкъхэм лIэщIыгъуэкIэрэ яхъума гъуазджэм зыщагъэгъуэзэну, IэпщIэлъапщIэхэр зрагъэцIыхуну Iэмал зэраIэр зэрыфIыгъуэшхуэр. Зи махуэр зыгъэлъапIэхэм ар ехъуэхъуащ я зэфIэкIхэм хагъэхъуэну, я лэжьыгъэхэм къыщIэупщIэхэм къахэхъуэну, туристхэм гулъытэ къыхуащIыну, щIэблэм щыщ куэд я лъагъуэм ирикIуэну. Абы щIигъужащ зи IэнатIэм хуэпэж IэпэIэсэхэм я лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ сыткIи зыщIагъэкъуэну зэрыхьэзырыр.

Тхыдэ дахэ къызыдекIуэкI центрым и унафэщI Урыс Аслъэн хьэщIэхэм захыхуигъазэм къыхигъэщащ IэпщIэлъапщIагъэм и мыхьэнэр зыхэзыщIыкI, IэпэIэсэхэм я IэрыкIхэм пщIэ хуэзыщI цIыхухэр я деж къызэрекIуалIэр, метр зэбгъузэнатIэ 1600-рэ хъу я IуэхущIапIэм зэрызиужьыр, абы иджыри къыхагъэхъуэну, республикэм и щIыналъэ нэхъ инхэм я къудамэхэр къыщызэIуахыну зэрамурадыр, декоративно-прикладной гъуазджэм сабийхэри зэрыдихьэхыр зыгъэгуфIэ Iуэхухэм зэращыщыр, лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр икIи щхьэпэхэр къазэрыпэщылъыр. Урыс Аслъэн фIыщIэ яхуищIащ икIи ехъуэхъуащ центрыр зэрыгушхуэ я IэпщIэлъапщIэхэм.

Махуэшхуэр ягъэдэхащ республикэм и артист нэхъыфIхэм. Концертым хэтащ уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ IэщIагъэхэм хуеджэ еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# Къущхьэхъум дыхуокIуэ

**Илъэс бжыгъэ хъуауэ ди газетым къытедгъэззэжурэ и гугъу щыдощI Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ хъупIэхэм ит Iэщыхъуэхэм я Iуэху зытетым, ар зэдгъэхъулIэн хьисэпкIи гъатхэ дэкIыгъуэхэми бжьыхьэ къекIуэлIэжыгъуэхэми бгыщхьэ тафэхэм дыщихьи къэхъуу. Иджыблагъэ дызыхэтари ящыщт ди къыкIэлъыкIуэ зекIуэхэм.**



● Гъэмахуэ хъупIэхэм

ЗЫКЪЫЗОЩТЭЖРИ, си нэ къызыхуикI щIыпIэ зыбжанэ, нэхъапэм дыздэщымыIахэри яхэту, сыхьэтипщI иримыкъум зэщIэдгъэхьащ. Дауи, абыкIэ фIыщIэ нэхъ зыбгъэдэлъар дезышэжьаращ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Иуан Аскэрбийщ.

Мы щIалэм гъуэгугъусэ хуэхъуахэм я гугъу тщIымэ, ар, псом япэрауэ, абы и дэIэпыкъуэгъуфI, «Нарзанхэм я тIуащIэ» («Долина Нарзанов») тэхъуанэм щыхагъэунэхукIа егъэзыпIэм Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу щылажьэ Щокъарэ Резуанщ, и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу журналист IэщIагъэми зыхуригъэсэным хуэпабгъэ Мацыхъу (Къуэжакъ) Мариерэ мы гъуэгуанэм ар тезыгъэгушхуа, тлъэгъуахэр къезыгъэхэкIыж сэрэщ.

Ди зэрыщIэ-зэрыгъуэтыкIэри гъэщIэгъуэнт. ЯпэщIыкIэ, Иуанымрэ сэрэ, тIуми щхьэхуэу дигу къэкIа нэхъей, нэхъ пасэу дегупсысат зызэщIыдгъуу Къущхьэхъум ит Iэщыхъуэхэм даIущIэну. И щхьэусыгъуэм и гугъу тщIымэ, езы Иуанри, япэрауэ, хуейт журналист IэщIагъэми хуэIэижьрэ Къущхьэхъури зыфIэгъэщIэгъуэну къилъытэ сэ гъусэ сищIыну. ЕтIуанэрауэ, сыздишэр зэрысфIэтелъыджэм, щIыуэпсым и нэгъуэщI хуэмэбжьымэхэми сызэрыщылъыхъуэм куэд щIауэ гу лъитати, а IуэхугъуитIми гъуэгугъусэ сызэрыхуищIыным ар нэхъри тригъэгушхуэрт.

Ауэрэ, зызгъэпсэхуну сыщыхуита мазэри иухарэ лэжьапIи сыдэкIыжауэ, Аскэрбий телефонкIэ зыкъысхуегъазэ: «УкъыдэкIыжамэ, щIалэфI, икIэщIыпIэкIэ дожьэ!» - жеIэри.

Пэжым фыхуеймэ, махуэ зэкIэлъыкIуэхэри фагъуэрэ уэшхым и къепсэпсэуэнкъешхынри зымыухти, сыхэгупсысыхьат, «ярэби, махуэ бжыгъэ дэдгъэкIамэ мынэхъыфIу пIэрэт?» жысIэри. Ар щызэхезгъэхым, Иуаныр къызэрыкIащ:

- Дунейр уэшхырилэмэ зыдгъэжьэжьэжын хуейуэ ара? Нежьэ адэ, гъуэгу техьэ къытенэркъым!

Апхуэдэу къыщыспидзыжым, зислъэфыхьыжынт?!

- Дежьэмэ, дежьэщ, атIэ! - естыжащ сэри жэуап. – Ауэ, зы цIыху гъэщIэгъуэн гуэр гъуэгугъусэ зыхуэтщIыну сыхуейт! Къызэдэдбгъащтэмэ, си гуапэт! Журналистикэм зыхуезыгъасэ бзылъхугъэ зэтетщ, Аскэрбий, зи гугъу сщIыр.

- Хэт ухуейми къыздэщтэ! Сэ «хьэуэ» щыбжесIа къэхъуа? Машинэм дызэдихуэмэ аращ.

Дызэрежьэну автомобилым исынухэр хэт сымэми тIэкIу нэхъ пасэу зэхэзгъэкIати, а упщIэми сыхуэхьэзырт. Къэнэжыр Мацыхъум иджыри зэ хъыбар езгъэщIэжыныр арати, а Iуэхуми сыхуеужьэрэкIащ.

А махуэм дызыIущIахэм къыджаIар, тлъэгъуар къызэрытщыхъуар апхуэдизу куэдыщэщи, а псори мызэкIэ къэдмыгъэлъагъуэу, Иуан Аскэрбий я лэжьыгъэм теухуауэ гъуэгум къыщыджиIам и гугъу фхуэтщIынщ.

- Мы гъэм Къущхьэхъум ит Iэщышхуэм я бжыгъэр, псори зэхэту, мин 30-м щыщхьэдэхащ, мэлрэ бжэну щыхъуакIуэр мин 63-м нэсащ, шыуэ щыхагъэпщым я бжыгъэр мини 5-м нызэрыхьэсащ. А псори щытрагуэшащ щIыуэ гектар мин 31-м щIигъум. IэщIагъэлIхэм къызэрабжамкIэ, гъэмахуэ лъэхъэнэм мамыщи Iэмыщи яшхын и лъэныкъуэкIэ мы къедбжэкIар яхурикъунущ. Мыдрейуэ къыхэзгъэщынщи, щIымахуэ Iус къызытрах мэкъупIэхэм, псори зэхэту гектар мини 8-м щIигъу къызэщIаубыдэ, - щыгъуазэ дыхуещI Иуаным.

ХъупIэхэр здэщыIэхэмкIэ дыщеупщIым, Аскэрбий къыпещэ:

- Къущхьэхъуу дэ къэтлъытэм ящыщщ «Аурсэнтх», «Хьэмащэ» жыхуэтIэхэр, «Шэрэдж» зыфIэтщар, Хъырзынэпсрэ (Хъазнидон) Псыгуэнсурэ я псыхъуащхьэхэр, Iуащхьэмахуэ дыгъэмыхъуэмкIэ щыIэ и щIыпIэр, адрей къуэладжэхэми щыIэ нэхъ цIыкIухэр. Къущхьэхъум цIыхухэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ IэщIагъэлIхэри исщ – Къуэштэн-Хьэкхъуафэ, Хьэмащэ, ЕкIэпцIэкъуэ, Аурсэнтх щIыпIэхэм дохутыр зырыз щыдиIэщ. ЖыIэпхъэщ, дохутырхэр хущхъуэкIи, IэмэпсымэкIи, машинэкIи, нэгъуэщIхэмкIи къызэрызэгъэпэщари.

Апхуэдэу, иджыпсту мы дызрижэ щIыпIэм уэшхи уэи щIэх-щIэхыурэ къызэрыщехым къыхэкIыу, и лъэгур псыдзэм ирелъэсэх, къыздрихьэх мывэхэри тез ещI. Ахэр, къыхэдгъэщынщи, гъуэгуухуэхэм и чэзум трагъэкъэбзыкIыж, арыншамэ, ущызекIуэфынукъым. Гъуэгур зэгъэпэщыжыным IэщIагъэлIхэр дэгъуэу йолэжь. Электричествэм и Iуэхури зэпэщщ. Жэмхэр машинэкIэ къэшыным пыщIахэр чэзууэ къыдэкIыурэ мэлажьэ. Шэр хозяйствэ нэхъ инхэм Налшык дэт гъэш заводым, зэгурыIуэныгъэ иращIылIауэ, ирашалIэ. Мыдрей нэхъ цIыкIухэм я Iэщыхъуэхэм ерыскъы папщIэу къагъэсэбэп, шкIэхэм ирырагъэф. Iэбгъэхэм тесхэм я псэукIэр зыгъэтынш Iуэхухэри щрагъэкIуэкIащ...

Апхуэдэуи, Иуаным хъыбар зэрыдигъэщIамкIэ, Къущхьэхъум Iэмыщи мамыщи дахун ипэ, дэтхэнэми узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутыр ветеринархэм зрагъэщIащ, здэкIуам жэщмахуэ ямыIэу щыщIаплъыкIынымкIи я лэжьыгъэр щызэгъэуIуащ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

**Сабий зэчиифIэхэр наIуэ къэщIынымрэ ахэр дэIыгъынымкIэ «Антарес» щIыналъэ центрым зыщызыгъэпсэху цIыкIухэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ «Зыгъэпсэхугъуэ шынагъуэншэхэр» акцэм ипкъ иткIэ драгъэкIуэкIащ гъуэгум тэмэму зэрыщызекIуапхъэ хабзэм ахэр щыгъэгъуэзэным теухуа Iуэху щхьэпэхэр.**



# Щагъэгъуазэ мафIэсым зэрыпэщIэтынум

САБИИЩЭМ щIигъум псалъэмакъыр драгъэкIуэкIащ республикэ Къэрал автоинспекцэм, Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм, Сабийхэр гъуэгутранспорт къэхъукъащIэхэм фэбжь щагъуэтыным щыхъумэнымкIэ центрым я лэжьакIуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафIэсым пэщIэт и къэрал IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэм.

Полицэм и лэжьакIуэхэмрэ «Шынагъуэншагъэм и лабораторэм» и лекторхэмрэ сабийхэм гурагъэIуащ гъуэгу дамыгъэхэмрэ светофор макъымрэ я мыхьэнэр, ягу къагъэкIыжащ гъуэгур лъэсрыкIуэхэмрэ рулым дэсхэмрэ зэрызэпаупщIыпхъэ хабзэхэр, тепсэлъыхьащ транспортым исхэм зэрызаIыгъыпхъэми.

Урысей МЧС-м и лэжьакIуэхэм сабийхэм жраIащ мафIэсхэр нэхъыщхьэу къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр, къызэрымыкIуэ щытыкIэ къэхъумэ япэу ящIэн хуейр, щагъэгъуэзащ мафIэр зэрагъэунэкIыфI Iэмэпсымэхэмрэ ахэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэхэмрэ.

АдэкIэ ахэр ирагъэплъащ гъуэгу-плъыр къулыкъум и транспортымрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм деж къагъэсэбэп я автомашинэхэмрэ. Апхуэдэуи ныбжьыщIэ цIыкIухэм ирагъэлъэгъуащ мафIэсгъэункIыфIхэр IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар, зызыгъэпсэху псори къыхураджащ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэм тетыну.

*Зыгъэхьэзырар*
**УАРДЭ Жантинэщ.**



# ЗэрыщIадзэжу пашэр яхъуэж

**Щэбэт кIуам щIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей зэхьэзэхуэм и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм. Иджыри къэс бжьыпэр зыIэщIэлъа «Тэрчыр» зыхэтын хуея зэIущIэр зэрагъэIэпхъуар къигъэсэбэпри, абы и пIэм иуващ Бабугент и «Логоваз»-р.**

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым 2026 гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и етIуанэ къекIуэкIыгъуэри, япэми хуэдэу, къапэщылъ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэхэр щагъэIэпхъуауэ ирагъэжьащ. Бэнэныгъэ гуащIэ щекIуэкIыну щыгугъыу куэд зыпэплъат ахэр. Псом хуэмыдэу «Малка» - «Тэрч» зэпэщIэтыныгъэр. АрщхьэкIэ ар ягъэIэпхъуащ, «Бедик» - «Искра» зэIущIэми хуэдэу.

Апхуэдэ щытыкIэр къигъэсэбэпри, турнир таблицэм бжьыпэр щиубыдащ джылахъстэнейхэр зымыутIыпщ «Логоваз»-м. Бабугентдэсхэр Псыкуэд къуажэм щыIэу хэгъэрейхэм 6:0-у ефIэкIащ. А зэIущIэм щэнейрэ къыщыхэжаныкIа Мокаев Таулани гъуащхьауэхэм пашэныгъэр зэкIэ щызыIэригъэхьащ. Ар япэ ищащ «Малка»-м и гъусэу блэкIа джэгугъуэр блэзыгъэкIа Умар Азэмэт.

Нэхъ хьэщIэхуэфIыжу къыщIэкIащ Шэджэм и «Черкес»-р. Ар 0:8-уэ къыпикIуэтащ Ислъэмей къуажэм къикIахэм.

«7 Вершин-Шалушка»-ри и стадионым зэрыщыпэщIэтыфа щыIэкъым «Спартак-Д»-м. Налшык и командэр абыи къытекIуащ бжыгъэшхуэкIэ.

Джэгугъуэ блэкIам хэгъэрейхэм я пщIэр щызыIыгъыфар «Урыхум» и закъуэщ. Абы жэуапыншэу топитху худигъэкIащ Яныкъуей щыщ щIалэхэм.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм и пэщIэдзэ зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – **0**:**8**, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) – **1**:**5**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) – **5**:**0**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - **0**:**6**.

«Бедик» (Аргудан) - «Искра» (Алътуд), «Малка» (Малкэ) - «Тэрч» (Тэрч) зэIущIэхэр ягъэIэпхъуащ.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: *бадзэуэгъуэм и 18-м* - «Яникой-1961» - «Тэрч», «Искра» - «Урыху», «Малка» - «7 Вершин-Шалушка»; *бадзэуэгъуэм и 19-м* – «Псыкуэд-Марвил» - «Черкес», «Логоваз» - «Бедик», «Спартак-Д»- «Ислъэмей» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Логоваз»** | **12** | **11** | **0** | **1** | **39-11** | **33** |
| **2.** | **«Тэрч»** | **11** | **10** | **0** | **1** | **48-7** | **30** |
| **3.** | **«Малка»** | **11** | **9** | **0** | **2** | **36-14** | **27** |
| 4. | «Спартак-Д» | 12 | 8 | 1 | 3 | 39-17 | 25 |
| 5. | «Ислъэмей» | 12 | 7 | 1 | 4 | 37-15 | 22 |
| 6. | «Урыху» | 12 | 7 | 0 | 5 | 34-24 | 21 |
| 7. | «Яникой-1961» | 12 | 5 | 1 | 6 | 24-53 | 16 |
| 8. | «Искра» | 11 | 4 | 0 | 7 | 36-27 | 12 |
| 9. | «Псыкуэд-Марвил» | 12 | 2 | 2 | 8 | 22-50 | 8 |
| 10. | «Бедик» | 11 | 1 | 1 | 9 | 15-43 | 4 |
| **11.** | **«Черкес»** | **12** | **1** | **1** | **10** | **12-50** | **4** |
| **12.** | **«7 Вершин-Шалушка»** | **12** | **0** | **3** | **9** | **22-53** | **3** |

# ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ хъуауэ зэдэпсэухэр

**Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я Ветеранхэм я советым щекIуэкIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэм хуэгъэпса зэIущIэ гуапэ. Абы щагъэлъэпIащ илъэс 50-м щIигъуауэ зэщIыгъуу къызэдекIуэкI зэщхьэгъусэхэр.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР гуапэу къригъэблэгъащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ, полицэм и полковник Бахъуэ Аслъэн. Ар ветеранхэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъури, фIыщIэ яхуищIащ къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэнымрэ езыхэм я зэфIэкIымкIэ зи щIалэгъуэ я лэжьакIуэхэм зэрадэгуашэмрэ папщIэ икIи къеджащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав и фIэхъусым:

«Хабзэхъумэм дежкIэ унагъуэр быдапIэ нэхъыщхьэщ. Дэ дыщыгъуазэщ фыщыплъыр, фи командировкэ кIыхьхэм деж фи щхьэгъусэхэр мыжейуэ жэщхэр зэрагъакIуэм. Сыт хуэдэ бэшэчагъ яхэлъа фи сабийхэм, адэр е анэр къулыкъум къыщикIыжыным пэплъэу.

Къалэным къыщывгъэлъагъуэ лIыгъэм, унагъуэм хуэпэжынымкIэ фхэлъ цIыхугъэшхуэм папщIэ фIыщIэ фхузощI.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм и унафэщIхэми сэри къыдбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу мы махуэшхуэмкIэ. Узыншагъэ быдэ, гъащIэ кIыхь, насып фиIэну. Сыт щыгъуи фщIырегъу фIыуэ фыкъэзылъагъу фи бынхэр, абыхэм къатепщIыкIыжахэр, дэтхэнэ махуэми хъыбарыфIхэр къыфхурехь», - щыжеIэ хъуэхъу тхыгъэм.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я Ветеранхэм и советым и унафэщI, полковникыу къулыкъум къыхэкIыжа Пыхъ МуIэед. Абы къыхигъэщащ республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм хэтахэм ящыщу 76-р я щхьэгъусэхэм илъэс 50-м щIигъуауэ зэрадэпсэур.

А махуэм ягъэлъэпIащ апхуэдэ унагъуэ 20. Бахъуэ Аслъэн удз гъэгъахэмрэ саугъэтхэмрэ щаритым зэщхьэгъусэхэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ, унагъуэ зэпэщ, насыпрэ зэIузэпэщыгъэрэ яIэну.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.073
Заказыр №1458
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 2-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.